

## Fich Enfòmasyon #2

### Apèsi sou Dwa Rezidan yo Apre yon Konvèsyon RAD



*RAD te fèt avèk yo gwo ansanm dwa ak pwoteksyon rezidan pou asire ke rezidan aktyèl yo benefisye de konvèsyon RAD la.*



### Èske Mwen pral Kapab Patisipe nan Pwosesis RAD la?

Wi. PHA dwe angaje avèk rezidan yo atravè alafwa avi ekri ak omwen senk reyinyon pandan pwosesis RAD la. PHA yo dwe itilize komunikasyon efikas pou moun ki gen andikap san bliye, jan sa nesesè, bay materyèl nan fòma altènatif, epi bay opsyon reyinyon altènatif, entèprèt lang siy ak aparèy èd pou tande nan reyinyon yo. PHA dwe tou bay aksè siyifikatifnan pwogram ak aktivite li yo pou moun ki gen kapasite limite pou li, pale, oswa konprann Anglè nan itilize, jan sa nesesè, tradiksyon enfòmasyon yo ekri ak entèpretasyon oral reyinyon yo. (Pou plis enfòmasyon, gade **Fich Enfòmasyon #5 la: Angajman ak Konsiltasyon Rezidan.**)



### Èske m Pral Toujou Gen Asistan Lwaye Apre Konvèsyon RAD la?

Wi. Chak rezidan ki an règ nan pwopriete lojman piblik la gen dwa pou viv nan pwopriete apre yon konvèsyon RAD. *Nan sèten ka, ou ka bezwen demenaje tanporèman pou fasilite reyabilitasyon an, l ap toujou gen dwa pou retounen nan yon inite asiste nan pwopriete a yon fwa reyabilitasyon oswa konstriksyon an fini.* **Okenn rezidan pa ka deplase pou tout tan kont volonte li.**

Rezidan yo nan kad lwaye nan pwogram lojman piblik la pa ka reverifye pou revni oswa antesedan krim-inèl lè pwopriete a vin reji pa yon kontra Seksyon 8. Yo pral ofri chak rezidan yon nouvo lwaye ki pa ka rezilye epi li dwe renouvle, sof si gen yon gen yon rezon valab. (Pou plis enfòmasyon, gade **Fich Enfòmasyon #9 la: RAD ak Demenajman**)



### Èske m Pral Bezwen Deplase Kite Kay Mwen an?

**Sa depann de konstriksyon ki pral fèt nan pwopriete a w la.** Si demenajman an nesesè, otorite lojman andwe ba ou yon preyavi ekri. Yo pral asistans pou demenajman epi yo pral kouvri depans demenajman yo. Rezidan yo pral kontinye peye menm montan lwaye a pandan demenajman tanporè a. Ou pral tou hgen dwa pou retounen nan yon inite asiste nan pwopriete a lè reparasyon yo fini. (Pou plis enfòmasyon, gade **Fich Enfòmasyon #9 la: RAD ak Demenajman**)



### Èske Lwaye m nan Pral Chanje?

Pi fò lwaye rezidan yo pral rete menm jan. Nan pi fò lojman piblik yo, lwaye yo nan pwopriyete RAD yo (Seksyon 8) fikse a 30% revni lojman ajiste w la.

Sepandan si ou peye aktyèlman yon lwaye fòfètè ki mwens pase 30% revni ou, lwaye w pral ogmante jiskaske w ap peye 30% revni ajiste w pou lwaye a. Ogmantasyon an ka echelone sou 3 oswa 5 ane. Kòm nan ka lojman piblik, ou pral gen pou resètifye revni w chak ane epi rapòte tout chanjman. Anplis, si revni w diminye, ou gen pou mande yon resètifikasyon pwovizwa ak yon ajisteman nan lwaye w. (Pou plis enfòmasyon, gade **Fich Enfòmasyon #6 la: Lwaye**)



### Èske m Pral Gen yon Nouvo Lwaye?

Apre HUD fin apwouve konplètman yon pwopriyete pou konvèsyon, ou pral bezwen siyen yon nouvo lwaye Seksyon 8 epi lòt dokiman konsènan dwa w ak responsablite w nan kad pwogram Seksyon 8 la. Asire w ke tout moun nan fwaye w prezan nan lwaye lojman piblik la pou asire ke yo gen dwa reteoswa retounen nan pwopriyete a apre konvèsyon an. (Pou plis enfòmasyon, gade **Fich Enfòmasyon #7 la: Lwaye w la**)



### Èske Rezidan yo pral Kontinye Kapab Fòme Òganizasyon oswa Asosyasyon Rezidan Apre yon Konvèsyon RAD?

Kòm pou lojman piblik yo, apre yon pwopriyete konvèti atravè RAD, rezidan yo gen dwa pou fòme ak konsève yon òganizasyon rezidan. Òganizasyon rezidan an pral elejib pou resevwa omwen \$15 pa apat-man okipechak ane pou sipòte aktivite òganizasyon ak patisipasyon rezidan. (Pou plis enfòmasyon, gade **Fich Enfòmasyon #8 la: Òganizasyon ak Finansman Rezidan**)



### Èske m Ka Mande Aranjman Rezonab Apre Konvèsyon an?

Si yon manm nan fwaye gen yon andikap oswa yon pwoblèm medikal, ou ka mande yon aranjman rezonab, tankou yon pi gran apatman oswa yon fòm kominikasyon altènatif pou avèg, moun ki pa wè byen, moun ki soud oswa moun ki pa tande byen. Pou mande yon aranjman rezonab, ou ta dwe kontakte administratè pwopriyete a.



### Èske m Kapab Degèpi osw Pèdi Asistans Lojman Mwen Akoz RAD

Apre yon konvèsyon RAD, lwaye w la dwe renouvle chak ane. Sèl rezon ki mete fen nan lwaye yon “rezon valab.” Sa vle di pwopriyete a dwe gen yon rezon valab pou degèpisman, abityèlman lè yonlokate vyole gravman epi plizyè fwa règ yo nan lwaye li a. Nan kad RAD la, ou konsève dwa ou te genyen yo pou ki rapò ak degèpisman nan yon lojman piblik. Tout degèpisman dwe gen ladann yon avi rezilyasyon ekri oswa yon òpotinite pou yon odyans (sof si degèpisman an gen rapò ak aktivite kriminel). Lwaye w pral dekri dwa sayo. Ou kapab degèpi sèlman pa desiyon yon tribinal. Tout règleman etatik ak lokal konsènan degèpisman dwerespekte tou. (Pou plis enfòmasyon, gade **Fich Enfòmasyon #7 la: Lwaye w la** ak **Fich Enfòmasyon #10: Dwa pou Doleyans ak Rezilyasyon Rezidan**)



### Èske m Kapab Resevwa yon Koupon Lokatè Apre Konvèsyon RAD la?

Tout fwaye ki ap viv nan pwopriyete RAD la depi omwen yon ane (si pwopriyete a konvèti an Koupon ki Baze sou Pwojè, oswa PBV) oswa de ane (si pwopriyete a konvèti an Asistans Ki Baze sou Pwojè oswa PBRA) gen opsyon pou mande yon koupon lokatè (oswa Mobilite Chwa). Yon Koupon Mobilite Chwa ka itilize pou lwe yon kay sou mache prive a. Si koupon an pa disponib imedyatman, y ap plase fwaye a nan tèt lis la. (Pou plis enfòmasyon, gade **Fich Enfòmasyon #12 la: Mobilite Chwa**)



**North Bern, Victor Taylor:** Mesye Taylor kanpe devan inite ki fèk renove a kote li te fèt la. Mesye Taylor, yon veteran ak koinseye minisipal ki kontinye defann enterè kominote a, te kontan wè amelyorasyon yo ak nouvo sant kominote a.